


# DUTU RIRI KUUYA

 Ngatirambei takasimuka kwechinguvana, tinamate. Tikotamisei misoro yedu. Baba vedu veNyasha vari Kudenga, zvirokwazvo tiri vanhu vane mukana wakanaka, usiku huno, kuti tinokwanisa kutarisa muchiso cheNyu chinobwinya tobva taKudaidzai kuti Baba vedu; tichiziva kuti tabva murufu tichipinda muHupenyu, nekuti Mweya Mutsvene uri kupupurirana nesu, kuti tiri vanakomana nevanasikana vaMwari. Zvino iYe chapupu chedu, chekuti tapfuura muganhu uya; nekuti zvinhu zvenyika, zvataisida nekukoshesa, zvakafa iko zvino. Uye takamutswa patsva, naKristu, uye takagara pamwe chete munzvimbo dzeKudenga, maAri, tichinakidzwa neHupo hwaKe. TinoKutendai zvakadii nekuda kwazvo!

<sup>2</sup> Zvino, manheru ano, pachiitiko chino, tinonamata kuti iYe atishanyire nemusimba guru, manheru ano. Ropafadzai kereke ino dukwana, yatinoda, nekuyanana kukuru nerudo izvo zvatiinazvo kwairi pamwe chete nemufudzi wayo, uye nenhengo dzayo dzose, pamwe chete neavo vari kuyanana nesu pano mumusangano uno.

<sup>3</sup> Uye tinonamata, Baba veKudenga, kuti manheru ano ave manheru akatsaurwa, kuti tinozorangerira kwenguva refu Hupo hwaKe manheru ano.

<sup>4</sup> Zvingadai, kana paine vamwe, manheru ano, pano vasingazive Ishe Jesu saMuponesi wavo, dai vaMuwana manheru ano, Ishe, iYe wacho aenda murenje kundotsvaka hwai yarasika isina kudzoka mudanga. Zvitenderei, Ishe. Uye dai kwava netsitsi mumusasa, manheru ano, nekuti ndizvo zvatinokumbirisa. NemuZita raIshe Jesu, tinokumbira izvi. Amen.

Mungagara zvenyu pasi.

<sup>5</sup> Zvakanaka kwazvo kudzoka mutabhanakeri muno, kana kereke, manheru ano, kuti tive nekuyanana kwakaisvonaka. Uye nhasi ndangorarama kubva pazvime du zvidiki zvezviturwa zvakakosha zvanmanheru apfuura.

<sup>6</sup> Ndichitarisa paungano iri muno, uye ndichiona avo vakasiyana-siyana, nezviso zvandakambosangana nazvo. Zvokuti ini, munguva dzakapfuura, ndaigara ndichida kuvatarira uye ndomhoresa mawoko avo, kanawo zvimwe. Asi, o, taive tati nonokei, zvino ndakatozoita zvokukurumidza. Asi ndinoda kuti muzive kuti paive nevazhinji manheru apfuura, vandakarangerira kubva mune mimwe misangano.

<sup>7</sup> Uye, zvino, manheru apfuura pandakaenda kumba ndaiudza mudzimai wangu, ndikati, “Handizive kuti kuchange kwakaita

sei kana tayambukira mhiri kwemuganhu?” Takamira ikoko, tichitarisa pasi, totaura kuti, “Zvakanaka, havo Hama *Nhingi-nhingi!* Uye uko. . .” O, ichava nguva yakaisvonaka kwazvo! Uye tinotarisa zuva iri, uye nokukasika, nokukasika. Zvino handizive kuti rinozova riinhi, asi inozova zvezvirokwazvo nguva inobwinya zvikuru. Ndinotenda kuti Johane, mushure mekuona kubwinya kukuru kwaMwari, uye kwakanga kwazarurirwa kwaari, muna *Zvakazarurwa*, akati, “Kunyange zvakadaro, uyai, Ishe Jesu.” Aive aona kuti zvaive zvizichishamisa kwazvo.

Mumashoma, anenge mavhiki maviri apfuura, ndaive ndiri kuKingston, Jamaica.

<sup>8</sup> Zvino vanhu vazhinji vakafunga, uye vachiri kufunga, kuti zviratidzo zvinongoonekwa bedzi papuratifomu. Ini zvangu, hazvisi kana chikamu chimwe chete kubva mune gumi razvo. Hazvisi kana chikamu chimwe chete kubva mune makumi mapfumbamwe azvo. Zvinooneka nguva dzese, pese-pese, uye hapana kana nguva imwe chete zvayo apo kana chimwe chete chakambopotsa.

<sup>9</sup> Zvino avo veChristian Business Men, veFull Gospel Business Men, vandakashanyira, kana kuti ikoko semushanyi kuchikwata chavo. Zvino usiku huviri hwakati hwapfuura, uye takange tave nekuparidzwa kweEvhangeri; uye ipapo, uye ndichida kuti nditi jairanei nevanhu vaivemo, uye nekunzwa mweya wevanhu. Ndakabva ndati, “Ndinotenda kuti zvakarungana, manheru ano, kana tikakwanisa kupa makadhi emunamato, zvino totanga kunamatira vanorwara.” Zvino Ishe vakatiropafadza. Zvino usiku hwechipiri hukapfuura.

<sup>10</sup> Zvino ipapo takanga tafamba tichipinda mu—mukamuri yekudyira yepa Flamingo Hotel, apo, “padare” sezvatinodaidza tichiita kuno, umo mataigara. Zvino zvinhu zvese ipapo zviru maringe nemarongerero ekuEurope; paunobhadhara rendi yako, unobva watobhadhara muripo wechikafu chako; zvese zvinobatanidzwa mure—rendi. Zvino takanga tichidya kudya kwemangwanani. Uye paive nemhomho hombe yeveFull Gospel Men ipapo, pamwe navamwewo, zvakare. Zvino mubvunzo ukabva wauya wekuti, “Zviratidzo izvozvo,” vakadero, “zvinoshamisa. Zvainge zvakangoisvonaka deno zvaionekwa pese-pese.”

<sup>11</sup> “O,” ndikati, “zvinodaro, zvezvirokwazvo.” Uye ndikati, “Izvozvo hazviporese kana ani zvake.” Ndikati, “Kana makambocherechedza, kuti ndinobvunza vanhu, ‘Zvinozokubetsera here kutenda kwako, kuti utende Mwari?’”

<sup>12</sup> Zviratidzo hazviporesi; Kristu wakatozviita izvozvo nechekare. Zvingoripo kubetsera kutenda kwako. Chingori chimwe chinhu chakawedzerwa naMwari; ropafadzo

raAkavimbisa kutumira, kusimbisa kwemazuva ekupedzisira. Tichapinda mazviri munguva inotevera, mukufamba kwevhiki.

<sup>13</sup> Asi taive takagara patafura, zvino ndikati, “Pano zvino, Mweya Mutsvene uri pano iko zvino.” Zvino Hama Shakarian, vazhinji venyu mose munovaziva, Hama Demos, shamwari yangu yepamoyo; naHama Arganbright, zvakare, o, vazhinji vakasiyana-siyana, Hama Sonmore, vatungamiriri nevatevedzeri vevatungamiriri, nevamwe vakadaro, veFull Gospel Men.

<sup>14</sup> Zvino ndikati, “Mukomana ari kuuya kuno uyu ari kurwara,” hweta. Iye akabva aswedera pedyo netafura, zvino Mweya Mutsvene ndokutanga kutaura kwaari, ukamuudza, ndokuti, “Zvino, unodzimbikana nedambudziko remoyo. Mudzimai wako, zvakare, Mukristu. Unotenda, asi unoty’a.” Uye naizvozvo, zvino ndokutanga kumuudza kuti aive ani, uye nezvose pamusoro pazvo. Zvino mukomana uyu akapotsa adonhedzera dhishi rebhata mundiro mangu.

Zvino iye akati, “Ichocho ichokwadi zvezvirokwazvo!”

<sup>15</sup> Ini, ipapo ndakamuudza kuti; kwete ini, asi kuti Mweya Mutsvene wataura zvakakanganisika pamudzimai wake aive kumba, uye nezvemunamato wavanga vaita vese pamwe chete mangwanani acho asati abva kumba, uye vavariro yake yainge iri yekuda kundiona zuva iroro. O, ini zvangu, akaita seachafenda!

Iye akati, “Handinzwisise kuti izvi zvinoitwa sei.”

Ini ndikati, “Kunyangwe neniwo.”

<sup>16</sup> Chinhu choga chandinoziva ndechekuti, Hama Shakarian kana...Ruregerero. Hama duPlessis vakanga vari panze pamotokari pandakatyaira ndichisvika, zvino Hama Mercier neni taikurukura pamusoro pemweya wakaisvonaka uri pakereke iyi. Tinozvida izvozvo, kuyanana kwakanaka kwazvo. Zvakanaka kwazvo, hama, ngazvirambe vakadaro. Zvakanaka kwazvo, hama yedu, mufudzi. Uye izvozvo zvakanaka. Zvino taikurukura, zvino ini...Vakati, “Hama Branham, ndinofungidzira kuti mune zvakanaka zvakanaka...”

<sup>17</sup> Ndikati, “Kwete. Chinhu chinondishamisa inyasha dzaMwari.” Ndikati, “Ndakapedza tsitsi dzaKe, kazhinji kwazvo. Asi handitombokwanisi kupedza nyasha dzaKe, uye ndinofara kwazvo nokuda kwazvo.”

<sup>18</sup> Zvino saka apo patainge tichitaura tiri patafura mangwanani iwayo, ipapo pane mukadzi wechidiki akapfuura aine micheka yekuaridza pamibhedha pabendekete rake, achipfuura achidzika nepo, kuenda kune imwe yedzimba, kundowaridza mibhedha. Ndikati, “Zvino pane Chiedza chiya chakaremba pamusoro pemusikana uyo.” Ndikati, “mudaidzei adzoke pano.” Takamudaidza kuti adzoke. Zvino

Mweya Mutsvene wakatanga kumuudza zvese pamusoro pematambudziko ake.

<sup>19</sup> Zvino aisava Mukristu; aisava mutendi weEvhangeri yakazara, ndingataure hangu izvi. Aive nekupupura kwaakaita, uye, achiri mwana mudiki. Zvino mai vake vakamutora kuenda naye kuchechi, uye aive . . . nemakore gumi nemaviri ekuzvarwa, kana kudaro. Aive akabhabhatidzwa, asi haana kumbopinda chechi. Ndicho chikonzero ndati, “aisava Mukristu.”

<sup>20</sup> Chechi haikuite Mukristu. Chechi inongokubetsera chete kuti uve Mukristu, inongokubetsera chete kuti urambe uri izvo zvawakazvarirwa mazviri, inokubetsera kuti uchengete chiitiko chako, paunenge uchiyanana nehama dzine Kutenda kumwe chete kwakakosha.

<sup>21</sup> Zvino ndigere ipapo, ndakanga ndakatarisa. Hama Demos Shakarian vakandideedza kubva machiri, zvino vakati, “Ko chii?” Deno vainge vasina kutaura izvozvo panguva iyoyo!

<sup>22</sup> Ndikati, “Rangarirai, ZVANZI NAJEHOVAH. Mumwe munhu ari pedyo neni, wakatarisana nerufu. Uye pachave nemujaya achapfira ropa kubva mumuromo make.”

Uye ndikati, “Billy aripi?”

<sup>23</sup> Vakawanda venyu munoziva mwanakomana wangu, Billy Paul. Mai vake vakashaika achiri kamwana kadiki. Zvino ndaimutakura kwese-kwese. Usiku, hataikwanisa kutenga marasha aikwana kuramba achipfutidza moto, saka taizo. . . Ndaiisa bhodyera rake pasi pebedekete rangu, sezvizi, kuti rirambe richidziya kuitira iye pausiku. Paaipepuka, achichemera amai vake, ndaizoisa bhodyera iri mumuromo make. Uye amai vake vakandikumbira, pavakange vave kufa, “Nguva dzose ugare naBilly pese pauri.” Uye tagara tiri shamwari chaidzo. Zvino saka kwese kwandinoenda, ndinotora Billy, naiyewo agara neni zvikuru.

<sup>24</sup> Saka, ipapo, Billy aigadzirira kuenda kumusoro uko, kwavanoti, “Garden of Hope” kunotora mifananidzo. Ndakamufonera, nekukurumidza. Ndikati, “Usaenda. Pane zviri kuda kuitika.”

<sup>25</sup> Nguva zhinji, zviratidzo zvinotaura zvinhu zvatisingazive kuti zvii. Vaporofita vemuBhaibheri vakanga vasingazive zvavainyora pamusoro pazvo, vaingoZvinyora. Vaive varume vakasimbiswa, vakafemerwa.

<sup>26</sup> Zvino Hama Shakarian vakati, “Hama Branham, chii chamuri kutaura kuti chichatora nzvimbo?”

<sup>27</sup> Ndikati, “Handizivi. Mumwe munhu, asina kana mazino, zvakare ndamuona achifemera pamusoro ruviri, ndokubva ashaika. Zvino mumwe munhu wacho, vati. . . anga achipfira ropa kubva mumuromo make, achiratidzika semujaya; ndokuti, ‘Haangafi, haasati agadzirira.’”

28 Zvino takatarisa. Zvino ndakanzwa kutungamirwa kuenda kuJamaica, asi kwete kuPuerto Rico.

29 Saka, patakawana nguva, nguva yakasvika kuti tiende kuPuerto Rico, panzvimbo imwe chete yakadonha ndege ikoko muJamaica ikauraya vanhu vose vaya. Vairatidzika kunge nguruve dzakaremba pamabhande avanozvisunga nawo, zvichingove zvidambu zvemiviri yavo zvakangomvungunjika. Zvino vakaisundira kunze, zvino isu . . . Ipapo, ndege yaive ichiri yakarara ipapo isu patakapinda. Zvino ndege yedu, ichidzoka kuzotitora kutiendeswa kuPuerto Rico, yakaputitsa mapistoni, panzvimbo imwe chete iyi, pavakamira kuti vazotitora. Billy akati, “Baba, mune chokwadi here chekuti tingava kana nechivibo nayo?”

30 Ndikati, “Chikwata cheChristian Business Men chati ndinotosungirwa kuti ndiuye. Kuitira kuyanana kwechikwata ichi chandinoendera kweusiku hushoma.”

Akati, “Munorangarira here chiratidzo chiya?” Ndikati, “Hongu.”

31 Asi mazuva matatu akati apfuura, pandakawana . . . Ndakanga ndakamira mu . . . mubindu (handisati ndamboona chinhu chinoyevedza kudaro) muPuerto Rico. Uye Hama Fred Sothmann (vanogona kunge vari pano manheru ano), iShamwari yangu yekuCanada, vaitora mifananidzo. Zvino zvikuru izvi . . . munazvo. Kwakanaka kuno kuPhoenix, kwakanaka kuLos Angeles, kwakanaka muMiami, asi hazvitomboswederi pedyo nePuerto Rico. O, yakaisvonaka, handisati ndamboona zvakadaro muhupenyu hwangu! Mhenderekedzo hombe dziya dzegungwa, richiita mafungu kunze uko, ini zvangu, kubuda hafu yemaira. Uye shiri dzemaflamingo dzichifamba-famba mumapaki makasvibirira, nezvimwe zvose. Uye ndaive ndisati ndamboona chinhu chakafanana zvakadaro neDenga. Hama Sothmann vakatendeuka, vakati, “Hama Branham, Denga rinofanirwa kuratidzika seizvi.”

Ini ndikati, “O, hazvingadaro, izvi hazvingaenzaniswi nepadiki pose neDenga.”

Ivo vakati, “O, izvo, gungwa guru iro!”

32 Ndikati, “Asi kuzunguzika kwenyika, kuri kuita mafungu.” Ndikati, “Asi richange riine rugare Ikoko, richange richiyerera chinyararire sezvaringakwanisa.” Zvino ndikati, “Hapazove nemaflamingo achange achifamba-famba mupaki, dzichange dziri Ngirozi dzichifamba-famba mupaki umo matiri kuyanana.”

33 Zvino ipapo ndakaona ambuya vangu navatezvara vangu vachiyaya vachifamba neni. Vatezvara vangu vakaenda zvino pave nemakore angasvika masere, gumi. Zvino, panguva imwe chete iyoyo, ambuya vangu vainge vari kupfuura kuti vasangane navo. Vakashaika panguva imwe cheteyo.

34 Zvino maawa maviri apfuura, pandakasvika kuMiami, ndakafona kuti ndinzwe kuti zvinhu zvose zvaive zvakaita sei kumba. Ambuya vangu (vasina mazino) vakafemera pamusoro ruviri, vakabva vashaika. Mwanakomana wavo, aive asina kugadzirira kufa; tingangoti, aive akaita seakasungwa nedoro; akaputika, ropa rikabuda, kubva paropa rakabudira mudumbu make, zvino akabva atanga kupfira ropa richibva mumuromo make, richibva kwese-kwese.

35 Hama Shakarian vakandifonera rimwe zuva. Vakati, “Hama Branham, handisati ndamboita chimwe chinhu chakandibata zvakadaro, kunzwa zvakadaro.” Munoono, zvaive zvavo kudana chiratidzo chiya panguva iya, kuchimisa, kuti zvisazivikanwi kuti aive ani, kuitira kuti chizove chinhu kwavari chekuti vanzwisise. Vakati, “Ndinotenda kuti shumiro yave kutanga kushanda zvino.” Dai zvikadaro.

36 Dai, muno chaimo muPhoenix, chimwe chinhu chaitika chinofemera vanhu vose, Mweya Mutsvene uuye pakati pedu ubve waita chimwe chinhu chinokonzera kuti tinyatsosunga hanzu dzedu dzokurwa zvakasimba uye tobva tagadzirira kuUya kwaKe. Ishe varopafadze.

37 Zvino, kuti ndisakuchengetai nguva yakareba, nekuti makamira. Asi muri vateereri vakanaka kwazvo, ndi—ndinoita sokunge ndichataura usiku hwese. Asi handingadaro, handifungidziri, asi ndinofungidzira kuti manheru apfuura maifunga kuti ndaiedza kudaro.

38 Ndichangokunyeurirai zvisishoma. Ndakataura pamusoro pechimwe chidzidzo mamwe mangwanani, patabhanakeri yangu, ndokutanga nguva dza nine-thirty, ndikapedza nguva dzinenge twelve-thirty; ndakanga ndafanovaudza, zvisinei; pamusoro pokuti: *Kunzwa*, *Kucherechedza*, *Nekuita*. Pamwe imwe Svondo masikati, kana imwe nguva, tingangova nechidzidzo chimwe chete ichocho. Kweringatokwana gore, Mweya Mutsvene wanga uchishanda neni pamusoro pekutaura nezvacho, zvino pakupedzisira ndakazochitaura kuchechei. Ndatokanganwa kuti matepi mangani vakomana avanawo pamusoro pachu, tisati tabvako, kuti atorwe.

39 Ngativhurei maBhaibheri edu, nekukurumidza, kuchitsauko 7 chaMutsvene Mateo, zvino (isu) ngatitangirei kuverenga pandima 24.

*Naizvozvo mumwe nomumwe unonzwa mashoko angu aya, akaaita, ndingafananidza nomurume wakachenjera, wakavaka imba yake paruwere:*

*Zvino mvura ikanaya, mafashama akauya, mitutu ikavhuvhuta, ikarova imba yacho; ikasawa: nokuti yakanga yakateiwa paruwere.*

*Mumwe nemumwe unonzwa mashoko angu aya, akasaaita, ungafananidzwa nomurume benzi, wakavaka imba yake pamajecha:*

*Zvino mvura dzikanaya, uye mafashame akauya, uye mitutu ikavhuvhuta, ikarova imba yacho, uye . . . ikawa: uye kuwa kwayo kukava kukuru.*

<sup>40</sup> Dai Ishe vawedzere maropafadzo aVo zvino pakuverengwa kwemaShoko aVo. Ndinoshuvira kutaura kwenguva shoma pamusoro pechidzidzo chekuti *Dutu Riri Kuuya*. Uye ndinovimba kuna Mwari kuti tichagona kuzvipira kuMweya Mutsvene. Nekuti, munhu wese anoziva kuti ini handisi muparidzi. Zvokuti, pane vaparidzi vari kumashure kwangu pano. Handina kumbobvira ndawana dzidzo yekuva mushumiri. Asi munzira dzangu dzakare, dzekunonokera, asi ini . . . Ishe vakandipa zvimwewo zvekuita. Asi ndinofarira kutora nguva kuti ndikwanise kutsanangura zvandinoziva pamusoro paIshe uye—uye pamusoro pekunaka kwaKe, uye ndoedza kutaurira vamwe nezvazvo. Uye zvino manheru ano tiri kutaura pamusoro pe*Dutu Riri Kuuya*. Zvino kana ndikakundikana, nemashoko, kutaura zvandiri kunzwa mumoyo mangu, ndinonamata kuti Mweya Mutsvene azvizarure.

<sup>41</sup> Jesu waitaura pano pamusoro pedutu riri kuuya rinofanirwa kurova murume wese nemukadzi wese akazvarwa panyika. Hapana nzira yekupunyuka mariri. Dutu iri richakurova imwe nguva kana imwewo. Uye zvinoenderana nemhando yenheyo yaunayo, kuti imba yako inozokwanisa kumira here, kana kwete.

<sup>42</sup> Pane hupenyu hwakawanda hwakachengetedzwa nekuda kwekugadzirira kuuya kwemadutu. Uye pane hupenyu hwakawanda hwakarasika nekuda kwekutadza kutora yambiro yakapiwa nekuda kwemadutu anenge achiuya.

<sup>43</sup> Munguva shoma yapfuura, ndakaudzwa pamusoro penyaya yakaitika, ndinotenda ndakaiverenga mubepanhau zasi kuFlorida.

<sup>44</sup> Vane madutu mazhinji makuru anofamba achipfuura nemuFlorida, mhupo dzakasimba kwazvo dzinobva mugungwa, zvino dzinounza mvura (kudarika migwagwa yakawanda yomuguta) ichipinda muguta, zvino yobva yatsvaira zvinhu zvose. Ndakaudzwa kuti vaporofita vavo vezvemamirire ekunze vanogara nguva dzose vakaatarisa kunze madutu akadai. Neimwe nzira, kubudikidza ne—nezvakasikwa, kuti vanogona kubata kushanduka kwemamiriro ekunze nemhepo dzemuchadenga, kuti, mamiriro aya ekunze ari kuita maunganiro akadini, anozounza rimwe remadutu aya; nokuti vakatozviita zvidzidzo zveupenyu hwavo, uye kubudikidza nemimwe midziyo pamwe nezvinhu zvavakawana kubudikidza nesainzi. Zvino nekufanodeedzera, uye nekunzwa nzira iri kuuya

nedutu, uye kuti rine mhepo yakawanda zvakadini iri seri kwaro; nenzira iri kuuya nemamwe madutu, idzo mhepo dzacho, kuti inokwanisa kumisdzana here, ichisundira dutu kure.

<sup>45</sup> Ndaigona kumbomira pano ndobva ndaparidza kweawa pamusoro pazvo, kuti zvinitora dutu rinouya riri guru nokudarika, zvinitora mhepo ine simba ri pamusoro kutendeudza dutu iri. Saka ndizvo zvazviri nhasi uno! Uye tose tinoziva kuti tine dutu riri kuuya. Zvino Mhelo yoga yandinoziva, inogona kutendeudza dutu iroro, ichange iri Mhelo iya inovhuvhuta yakadonha paZuva rePentekosti. Ndakaudzwa kuti pane varume kunyange muguta iko zvino, vari kutaura vachipikisa communism, uye vanofanira kudaro. Asi, kungotaura chete uchipikisana nayo hazvina kukwana, tinofanirwa kuwana nzira yekutendeudza chinhu chacho. Zvino kune chinhu chimwe chete chinogona kutendeudza dutu iri, uye, iroro, iDutu rine simba rakapfuura rinogona kumisdzana naro robva rashandura mafambiro aro.

<sup>46</sup> Zvino ava vaporofita vemamirire ekunze vari muFlorida vagona kwazvo zvakananga pakuporofita kwavo. Vakaisirwa chikonzero ichocho, kuti vayambire vanhu.

<sup>47</sup> Ndakanga ndichiverenga, ndakanganwa iko zvino, ndinotenda kuti maive mubepanhau, pamusoro pedutu makore mashoma apfuura, raifamba richipfuura nemuFlorida, pakati peFlorida, nematunhu ose akatenderedza Okeechobee va—vakapiwa yambiro. Ndakabvako anenge mavhiki mashanu apfuura. Kwaive nemurume muvakidzani aigara achiteerera radio nguva dzose, nekuda kwemadutu aya, uye aive Mukristu aizivikanwa kwazvo. Iye akanzwa kuti dutu guru remhelo yakasimba raiuya neko, richimonyorora miti pasi, uye munhu wese akapiwa yambiro kuti aende kunzvimbo dzisina njodzi.

<sup>48</sup> Zvino akafunga nezve muvakidzani wake aive nepurazi rekuchengeta huku, nedzimwe dzimba dzisina huremu dzaive nehuku dzavo imomo, dzimba dzavo dzekuchengetera hukwana, nezvimwe zvakadaro, nematanga avo. Zvokuti, zvose zvavaive nazvo muhupenyu zvaive zvakasungirirwa muhuku idzi, zvekuvararamisa muhupenyu. Zvino akamhanya nekukurumidza, chipatapata, kusvika pagedhe, zvino ndokumisa motokari yake achibva asvetukira kunze, akati kumuchinda uyu, “Tora huku dzako dzose ubve wadziisa muimba yekudzivirira kubva kudutu, zvino wobva wamhanyira kwangu, nekuti kune mhelo huru kana dutu riri kuzoparadzira zvinhu zvese pasi.”

<sup>49</sup> Zvino murume uya akamira achibva amutarisa pachiso, ndokubva amuseka, ndokuti, “Hazvina maturo! Ndakambovanzwa vachifemba zvinhu zvakadai kumashure, uye hazvina kumboitika.”

<sup>50</sup> Muvakidzani uya Mukristu akanzwa kubatikana, akati, “Asi ko kana zviri zvazoitika?”



<sup>51</sup> Tinonzwa zvitaurova zvakadai, dzimwe nguva, “Ndakanzwa kuti *izvi* zvichaitika, *neizvo* zvichaitika.” Asi zviri kuzoitika nerimwe ramazuva ano! Uye zvakafanira kwatiri kuti titeerere kuyambiro yese zvayo.

<sup>52</sup> Asi murume uyu akati, “Handina nguva yehupenzi hwakadaro. Ndinopfuya huku, uye handina nguva *yezvakadaro*.”

<sup>53</sup> Zvino akadanidzira! Muvakidzani akati; “NemuZita raMwari,” akadaro, “siya huku idzodzo dzega, John, wobva wauya nekukurumidza, iwe nemhuri yako. Kana iwe usingade kuzvitenda, chiregera mhuri yako iuye.”

<sup>54</sup> Iye akati, “Handingaiti kuti vana vangu vabatikane neyambiro shomanana dzeparedhio. Vana vangu neni takasarudza kuti vachararama sekurarama kwandinoina. Uye mudzimai wangu achanditeerera nekuti ndini ndinounza chikafu patafura mumba muno, uye anofanirwa kunditeerera. Ndini mukuru pano, uye handiregedze vana vangu vachibatikana kana kushushikana nematakanana akadaro.”

<sup>55</sup> Zvino muvakidzani uya akatendeuka, achibva aenda kumba kwake, munzvimbo yake yakachengeteka.

<sup>56</sup> Zvino, pakarepo, makore akaungana pavari vasati vazviziva! Ndiwo murovero unoina kutongwa. Kunouya nokukasika, unotoshamisika kuti kwatosvika nekukurumidza kudaro sei. Zvokuti ndakaona varume vane utsinye, vakambotuka Mwari pane imwe nguva, achidonha achizhambatata, uye achiti, “Ko Mungandibatirei nenzira yakadai?” Nheyo yese, zvose zvakabviswa pasi pake muchinguvana. Zvinobhadhara kutora yambiro.

<sup>57</sup> O, ungagona kuseka nhume, unगतogona kana kumuuraya. Asi, haugone kuraya Mharidzo, Inongoenderera mberi zvakadaro. Mharidzo yaMwari ndeyeKusingaperi. Mashoko aKe haafe akakundika.

<sup>58</sup> Pauro akabudirira kuti Stefano atakwe nemabwe. Asi muhupenyu hwake hwose, kusvika paakazozvipira kuna Kristu, haana kukwanisa kubva paMharidzo iyoyo, “Ndinoona matenga achivhurika, naJesu akamira kuruoko rwerudyi rwaMwari.” Chimwe chinhu chakamubata. Yakanga isiri nhume, yaive Mharidzo yaive nenhume.

<sup>59</sup> Apo dutu paraipfuura rine simba munyika, rakabata imba yehuku pamwe nemurimi, zvino havana kutombowana mutumbi wake.

<sup>60</sup> Zvino mudzimai wake, akaita chipatapata achirwisa. Zvino vaigara pedyo neDhamu guru reOkeechobee, zvino mvura dzakatanga kusimuka apo mhupo huru iyi yakasimudza mvura yose kubva pasi-pasi pedhamu. Ndizvo zvinoita kuti ive nenjodzi kwazvo; haana kudzika, magwa anozunguzika, zvino

ndiwo mauiro anoita mafungu obva apidigura magwa pasi pawo. Madutu anouya osimudza mvura mudenga oitakura kwemamaira. Zvino mvura yaikukura, kusvika, mai vakaziva kuti hapachina tariro kunze kwekuisa vana vake pamusoro peimba. Zvino akatora vana vake, ndokuvaendesa pamusoro peimba, vakabatira pachimbini yeimba.

<sup>61</sup> Zvino mhuka dzemusango, nyoka yerudzi rweCottonmouth Moccasin, ndinotenda kudaro, inyoka ine huturu hunodarika nyoka yerudzi rweDiamondback Rattler yenyu. Dzaifambawo dzichitsvaka pekuhwanda, dzikabva dzauryawo padenga remba pamwe naye. Zvino nekuteerera murume wake, nekuregedza kuteerera kuyambiro, akatozo. . . akadzana-dzana uye akarova, asi akazongomira nekutarira nyoka idzi dzine huturu hunotyisa dzichiruma vana vake kusvika vafa padenga reimba. Naivo amai vacho pachavo vakarumwawo zvikuru kusvika pakupezisira vakazoshaika, ndiyo nzira yoga yatakawana nyaya yacho. Mushure mekunge dutu ranyarara, zvikwata zvakanga zvichitsvaka zvitunha, nezvakadaro, vakamuwana arere pamusoro pedenga reimba, pamwe nevana vake vakarara parutivi rwake.

<sup>62</sup> O, zvinobhadhara kutora yambiro! Chinhu chekutanga kuita, kusati kwapiwa yambiro, panofanirwa kuitwa gadziriro yechengetedzo, kana kuti panenge pasina chikonzero chekupa yambiro. Zvino yambiro rinongori inzwi remumwe ari kukuita kuti ugadzirire njodzi. Panofanirwa kuitwa gadziriro kutanga. Zvino kana gadziriro yaitwa, yambiro inogona kupiwa zvokuita kuti utore sarudzo yako, yokuti unoda here kuteera kwairi, kana kwete. Kana usingade kuteerera kwairi, zvakanaka, zviri kwauri. Kana ukateerera kwairi, pane chengetedzo.

<sup>63</sup> Mwari vane maitiro mamwe chete. Tinosevenza nemaitiro aMwari, nenzira iyoyo. Mwari, mumazuva epakutanga, apo nyika yokuparadzwa nemvura, apo vanhu vakanga vanyanya kuipa uye vave nezvivi kwazvo, zvekuti Mwari havaikwanisa kutarisa pairi uye vonge vane nduramo.

<sup>64</sup> Mwari vane nduramo, uye vane mirairo yaVo. Kana mirairo iyoyo yatyorwa. . . Murairo wese unoti ukatyorwa, woshaya chitarafu, hausi murairo. Haugone kutyora mirairo yaMwari usingazovibhadharira pamwe panhu. Unofanirwa kuzviita. Bhaibheri rakati, “Uve nechokwadi chokuti zvivi zvako zvinokuwana.”

<sup>65</sup> Ko chivi chii? Ndingada kumbomira pano kwechinguvana. Vanhu vazhinji vanofunga kuti kuputa fodya ndicho chivi. Hachisi. Vanhu vazhinji vanofunga kuti kunyepa ndicho chivi. Hachisi. Kuita upombwe, ichocho hachisi chivi. Ndicho chibereko chekusatenda. Iwe, chikonzero uchiita zvinhu izvozvo ndechekuti uri munhu asingatendi.

<sup>66</sup> Pane zvinhu zviviri chete, kuti, uri mutendi kana kuti hausi mutendi. Kana uri mutendi, hauite zvinhu izvozvo. Kana uchizviita, handizive kuti une mhandoi yokupupura kwaunako; asi, kana uchizviita, “rudo raMwari harusisi mauri.” Bhaibheri rakataura kudaro! Tave nokungotaura kwakawanda tisina kunge takachibata; vakawanda vari kutaura, asi vasiri kuzvirarama.

<sup>67</sup> Ndinofunga kuti, kunyangwe, tine kudzidzira mharidzo kwakanyanya, asi hatisiri kurarama mharidzo dzacho zvakakwana. Zvingave zviru nani zvakanyanya dai tairarama mharidzo dzedu, mumwe nemumwe wedu aizova mushumiri. Zviru nani kuti undiraramire mharidzo pane kundiparidzira imwe. Bhaibheri rakati, “Muri tsamba dzaMwari dzakanyorwa, dzinoverengwa nevanhu vese.” Saka, zvakanakisa kurarama mharidzo.

<sup>68</sup> Chivi inyaya yekuti hautendi. Jesu haana kuti here, mumazuva aKe ari munyama panyika, haAna here kudaidza . . . Vanhu vakanga vasingatombonyepi, vakanga vasingatombobi, vakanga vasingatomboiti upombwe, varume vakarurama, vaparidzi, vaprisita, Akati, “Muri vababa venyu, dhiyabhore,” nekuti havana kutenda kuMwanakomana waMwari. “Uyo usingatendi akatopomerwa nechakare.”

<sup>69</sup> Pane nguva kumashure, ndaizviita, zvokudeedza vanhu kuartari. Ndinofarira Johane 5:24. “Uyo anonzwa maShoko aNgu, obva atenda mune uYo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi; uye haangatongwi, asi watopfuura kubva murufu achipinda muHupenyu.” Uyo anotenda!

Ndokuti, “Zvakareruka kwazvo.”

<sup>70</sup> Kwete, zvakadzama kwazvo, nekuti, “Paunotenda!” “Hakuna munhu angadana Jesu kuti ‘Kristu,’ asi bedzi nekuda kweMweya Mutsvene.” Kana uine Mweya Mutsvene, ipapo wakatenda kuHupenyu Husingaperi, uye une Hupenyu Husingaperi. “Uyo anonzwa maShoko aNgu, obva atenda mune uYo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi; uye haangatongwi, asi atopfuura kubva murufu kuenda muHupenyu.” Gadziriro, kugadzirira!

<sup>71</sup> Zvino Mwari vakaona kuipa kwenyika, uye ndokuona chizvarwa chakaipa uye chine upombwe, zvino hutsvene hwaKe hwakafinhihikana nazvo.

O, kunyika ino izere zvi!

<sup>72</sup> Ndakamira pane rimwe zuva, munzira yangu kuenda kumagirosa, ndiine mudzimai wangu. Taikurukura nezvemumwe mudzimai wechidiki wemuguta medu. Kunze kwaitonhora chaizvo; aine kajasi kemvere, uye akapfeka zvisakarurama, akapfeka zviya zvikabudura zvidiki, zvavanopfeka munguva yezhizha; ipo paine tumazaya

twechando pasi. Zvino mudzimai wangu akati, “Unoziva mudzimai uyu haangave ari kunzwa zvakanaka.”

Ini ndikati, “Kwete. Haasi bedzi mupfungwa dzake dzakakwana.”

Iye akati, “Handiti, unoziva anopinda chikoro chikuru.”

<sup>73</sup> Ipapo ini ndikati, “Angagona kuenda kuchikoro chikuru, asi izvozvo hazviiti kuti zvese zvive zvakanaka.” Ndikati, “Haangave nepfungwa dzakakwana.”

<sup>74</sup> Patinoenda kuGermany. Ndaive kuGermany nguva yapfuura, mumusangano mukuru uyo Ishe vaitipa vangasvika...vangasvike zviuru gumi zvemweya yevanhu, pausiku humwe. Uye ndakashamiswa kwazvo humwe husiku pandakabva kumusangano, uye—uye kuzasi kwemugwagwa pane imwe nzvimbo yandakakokwa kuzova nekudya kwemanheru kudiki. Zvino kwaive kuvharwa kwemusangano, zvino Makristu ose akanga akagarapo, vachinwa doru. Zvino, America, Canada, neEngland, ndidzo nyika dzega dzinorambidza Makristu kuti asanwe doru. Havadhakwe; asi isu vemuAmerica. Zvino apo...handina kurinwa. Saka, papera chinguva, pakauya mubvunzo patafura, “Chii chainetsa,” kuti sei ndaisanwa doru rangu, “inyaya yekuti raisanaka here?”

<sup>75</sup> Zvino Chiremba Guggenbuhl vaive vakagara parutivi pangu, izvo zvakabva zvandipa muturikiri. Ndikati, “Chiiko chavari kuzevezerana pamusoro pacho, kwandiri?”

Ivo vakati, “Vari kushamisika kuti sei musinganwi.”

<sup>76</sup> Zvino, ndinoziva kuti kwakanyorwa kuchinzi: kana uri kuRome, chiva muRoma. Asi ndakati, “Vaudzei zvokuti: ‘Handivapomeri. Asi kuti ndakazvarwa pasi pekuzvarwa kweChinazire, handifanirwe kunwa.’” Ndaisada kuvarwadzisa. Zvino vakazvinzwisisa, vakaenderera mberi vachinwa havo.

<sup>77</sup> Zvino muItaly takaona zvakada kuve zvimwe chete. Nezviku muvishiki zvepanyika, paunoenda mudzinyika, unowana mweya wenyika iyoyo.

<sup>78</sup> Ndinorangarira Mweya Mutsvene uchindiyambira kuti ndisaenda kuYMCA muFinland. Ndaisaziva kuti chaive chii. Ndokuzoziva kuti, kwaiva nevanhukadzi vanogezesa ikoko. Ini ndakagarira kure, ndakaramba kuenda naChiremba Manninen pamwe nevamwe, kundodhidha. Zvino ndakazoziva kuti vakadzi vakweshi ava, vanokweshwa vanhurume. Ini ndikati, “Hazvina kunaka!”

<sup>79</sup> “Zvakanaka,” vakati, “Hama Branham, zvakanaka sezvakangoitawo vanamukoti venyu kuUnited States.” Vakati, “Vakatodzidziswa kudaro.”

<sup>80</sup> Ini ndikati, “Handina basa nekuti vakadzidziswa zvakadini, hazvina kumbobvira zvakanzi zvinge zvakadaro! Mwari

akavafukidza, uye akavasika vakasiyana!” Ndizvo! Asi havaboZviteerera.

<sup>81</sup> Vaive maFinn, vanhu vakanaka kwazvo, asi uyu mweya wenyika. Kwese kwaunoenda, unosangana nemweya wenyika. Zvino paunouya kuAmerica, ndipo paunozonyatsozviona zvino, ndiwo wakaisisa kupinda yese.

<sup>82</sup> Zvino mudzimai wangu akati kwandiri, “Handiti, vanhu ava vanotoenda kucheche, uye ndinogara ndichishamisika kuti sei vasinganzwi kupomerwa muhana dzavo.”

Ndikati, “Mudzimai wangu anodikanwa, rega ndikuudze. Ivo zvizvarwa zvemuAmerica.” Iye akati, “Ko, sei, isu hatisi here?”

<sup>83</sup> Ndikati, “Kwete.” Ndikati, “Tinongogarawo pano. Asi takazvara kubva Kudenga, Mweya Mutsvene waMwari ukauya pamusoro pedu.”

<sup>84</sup> Saka, tiri vapfuuri nevaeni pano, ino haisi nzvimbo yehugaro hwedu. Asi tiri kutsvaka Guta riri kuuya, Iro Muvaki neMuvambi waro ndiMwari. Naizvozvo, kana wakazvara kubva Kumusoro, unawo Mweya Mutsvene unouya zasi uchibva kuna Mwari, unoshandura hunhu hwako. Hazvina mhaka, sisi vako, amai vako, shamwari yako—yako yepamwoyo anogona kunge akapfeka kudaro; asi Mukristu akazvarwa noMweya waMwari, akazvarwa kubva Kumusoro, uye mweya wavo ndewe humwe Humambo. O, ndinofara kwazvo nekuda kwazvo! Kunyorova kweMweya Mutsvene; kuUtevera, kuUtarisa, kuti Unozvibata sei, zvinokuita kuti uzvibate.

<sup>85</sup> Ndizvo zvazvaive mumazuva aNowa, zvino Mwari vakanyatsofinhikana nazvo! Asi Vasati vatumira dutu kuti riparadze Nyika yese, Mwari vakaita gadziriro kune avo vaida kugara kunze kwaro. Uye ndinoona Nowa akamira pamukova weareka, achiparidza kururama. O, paisava nevazhinji vaimuteerera.

<sup>86</sup> Vaive vakaita sezvazviri nhasi. Vanoda mafaro, kwete Evhangeri. Vane nhamo vaparidzi ava veHollywood vanotyva kudeedza chivi kuti “chivi!”

<sup>87</sup> Tinoda vamwe vevaparidzi vakare, vokumasango vane Mweya Mutsvene, vasingatyi kuparidza Evhangeri nemawoko asina kuputirwa, asina kufukidzwa neimwe mhando yegirovhosi rerabha; asi kuparidza Kuuya kwaIshe Jesu, kutongwa kwevasakaruruma, uye neDenga kune vakarurama, nokuuya kwasweder! Mwaka upi? Handizivi hangu, uye hapana mumwe munhu anoziva. Asi ndinopa yambiro kuchizvarwa changu. Kuti kukauya iko zvino, ndinoda kuti vayambirwe.

<sup>88</sup> Ndinoona Nowa ari pamukova weareka chaiyo. O! Ndinoda kutenda chinhu chimwe chete, zvainge zvisina kudaro; asi Nowa akamira pamukova iwoyo, nzira yega yekuva nechengegedzo.

<sup>89</sup> Ndinooona Mosesi, pashure, akamira pamukova, paine ropa pachikumbaridzo, achiparidza kutongwa, paine ropa pachikumbaridzo.

<sup>90</sup> Nhasi uno, Jesu ndiye Mukova wedanga rehwai, vashumiri veEvhangeri vakamira paMukova uyu, vachigombedzera ungoro kuti iuye kuzochengetedzwa.

<sup>91</sup> Uye pasina kana kupokana kune vazhinji vakaseka Nowa, vakaita dambe naye. Bhaibheri rakati, “Vaive vaseki.” Ndinogona kuvanzwa vachitaura zvimwe zvinoita seizvi, “Nowa, kana usina zvinofadza zviru nani kupfuura izvozvo, tichangogara zvedu kumba.”

<sup>92</sup> Nyika nhasi uno, America, haifariri Evhangeri. Vanoda mafaro. Vanofanira kuva nechimwe chinhu chinovafadza; mumhanzi wakawanda unoshamisira, kana zvimwe zvakadaro, kana imwe mhando yepati, imwe mhando yokugocha sochisi. Izvo, zvinhu zvese izvi zvakanaka, kunze kwekereke. Asi mukereke ndimo munofanirwa kuparidzwa kutongwa muSimba rekumuka kwaIshe Jesu, pamwe neyambiro. Kutongwa kunotangira muimba yaMwari! Kwete mapati; kutongwa!

<sup>93</sup> Roti akayambirwa. Apo Vatumwa, kunyange aisaziva kuti vaive Vatumwa, pavakadzika zasi, mharidzo yavo vaive yekuSodhoma, “Budai munzvimbo iyi izere zvivi! Mwari vagadzira nzira yekupukunyuka nayo. Budai munzvimbo iyi izere zvivi!”

<sup>94</sup> Jesu akati, “Sezvazvaive mumazuva eSodhoma.” Tarisai mhando yohupenyu hwavairarama. Zvino Jesu akafananidza zuva iro nezva rino. Rizere zvivi!

<sup>95</sup> Tarisai Roti paakaenda kunoudza vanhu vake. Vakamuseka, vakaita dambe naye. “Uye zvivi zveguta, zvaitambudza mweya wake wakaruruma.” Mharidzo yeVatumwa haina kuvazunguza, yakashaya betsero kwavari. Asi vakakumbirwa kuti vabude, nekuti kutongwa kwanga kwave pamusoro peguta, uye Mwari vakanga vave kuzounza dutu remoto pamusoro peguta. Asi vakaramba kufamba. Vakaramba kubuda. Vaive vakagutsikana nezvivi zvavo.

<sup>96</sup> Vanhu nhasi uno vanoratidzika kudekara zvavo muzvivi, nekuti tine motokari itsva, nekuti tinokwanisa kudya svusvuro katatu pazuva, tinorara pamubhedha wakachena. Zvakanaka izvozvo. Asi, izvozvo zvinogona kuve zvanaka hazvo, asi tinokanganwa Mwari kubudirira kukauya nenzira iyi. Ndinofunga kuti tange takadaro. Isu vaparidzi nesu Makristu tange tichifarira kwazvo chi—chirongwa chekuvaka machechi edu pamwe nekuwana chechi iri nani, kana chimwe chakadaro, kana chechi yakadarika pakukura, pokugarira pari nani pane pevamwe. Kana kuti, munoziva kuti sei pamwe nezvandinoreva. Zvino tasiya chinhu chacho chakakosha: kutongwa, kururama,

Simba reMweya Mutsvene, kumutswa kuvakafa, kutongwa Kusingaperi.

<sup>97</sup> Mutumwa haana kumbotadza kuparidza mharidzo. Kunyange vakaedza kuVamisa, asi mharidzo yaVo yakangoenderera mberi zvakadaro.

<sup>98</sup> Zvino, macherechedza here, kuti zvakafanana nemunhu anoti, “Ndiri kuzoramba kutenda kuti zuva riri kupenya. Ndiri kuzoramba kuva nechokuita nezuva.” Otsinzinya maziso ake, obva aenda pasi mukamuri yepasi peimba yake, obva ati, “Ndinoramba kuziva kuti zuva riri kupenya.”

<sup>99</sup> “Handiti,” unoti, “Hama Branham, munhu uyu, anotove nechimwe chinhu chakakanganisika nepfungwa dzake.”

<sup>100</sup> Saka, munhu anoramba Jesu Kristu, ari kuita zvimwe chetezvo. Mweya Mutsvene ndewemazvirokwazvo kupfuura chiedza chezuva. Zuva richakundikana, asi Mweya Mutsvene haugone kukundika. Haungovhenekeri kungoitira kuona chete, asi Unovhenekera munhu wemukati, Chiedza chekubwinya chinotitungamirira kuna Mwari, chinoramba...kana kuti chinotaridza, waro, Karivhari kwatiri, pamwe nokutambudzika kwaIshe Jesu; kutongwa kuri kuuya, uye nekwekutizira kune avo vanoda kuuya. Ndingasarudza kuva bofu zvachose, panyama, uye ndova nekuona kwangu kwepamweya; pane kuva bofu zvachose, pamweya, zvino ndove nekuona kwepanyama. Ndinoda kuva nekuona kwepamweya.

<sup>101</sup> Cherechedzai, chii chingave chakakanganisika pamunhu uyu? Idzo, shamwari dzake, dzinouya dzobva dzoti, “Jim,” John, kana chero zita rake zvaringava, “uri kukanganisa. Buda kubva mukamuri yepasi pemba yakare ine tsvina, munonyangadza.”

<sup>102</sup> Zvino anobva asimuka oti, “Ndinokuudzai, ndakatogutsikana nepandiri!” Haatodi chi—chiedza chezuva chinofarirwa ichi. Haatombodi mirazvu yacho inoporesa. Haatombodi runako rwacho, kudziya kwa—kwacho kunopa hupenyu hwake. Pane chimwe chinhu chakatsveyama nemunhu uyu.

<sup>103</sup> Ndizvo zvimwe chete nemurume kana mudzimai anoda kugara munyika ine tsvina, akazvivharira muchivi chinonyangadza chekusatenda, uye achiti, “Mazuva eminani akapfuura. Hakuna chinhu chinonzi kupodza kwaMwari. Hakuna Mweya Mutsvene.” Inyaya yekuti uri kuramba kubuda mune zvinonyangadza nemuhugaro hwadhiyabore, nehwegehena, uye nehwechivi, uye nehwekuzvikudza.

<sup>104</sup> Famba muChiedza cheEvhangeri, chinounza kudziyirwa kwauri! O, Chinopa kugadzikana kwakadini! Kuona kutongwa kuri kuuya, uye wonzwa manzwiwo ekugadzikana eMweya Mutsvene! Wonzwa vachitaura zvemabhambu eatomiki? Zvino ingofungai kuti chii chaitika, rugare runopfuura kunzwisisa! Handiti, bhambu haribude mupfuti kusvika isu tave muHupo

hwaJesu, tiine Hupenyu Husingaperi; isu vatana, tadzoka kuve vechidiki zvakare; vacheche, vakura pazera; kuisina rufu kana kusuwa. O! Chinhu chinoshamisa zvakadini! Munoreva kuti munhu angaramba kubuda kunze obva afamba mune iZvi? Pane chisina kumira zvakana naye.

<sup>105</sup> Pakupedzisira, akasawana chiedza chezuva, anobva awumbuka. Anowumbuka zvakanyanya, kurwara kunopinda maari.

<sup>106</sup> Ndiro dambudziko nyenya nhasi. Ndiro dambudziko rine machechi edu akawanda muzuva ranhasi. Tiri kupererwa neropa. Tinoda kuwedzerwa rimwe ropa. Kuwumbuka, nekuti tiri kukundikana, hutano hwedu hwepamweya huri kukundikana. Hatichisina shungu zvachose, kuvhima mweya, ku—kuyambira vanhu, kuti titore vavakidzani vedu, kuti titore shamwari dzedu, mutengeswi wemukaka, mukomana wemapapa. Chero zvaari, unza mumwe munhu kuna Ishe Jesu! Tawumbuka; kutadza kufamba muChiedza, unove mukana wedu; kutadza kutenda muhutano hwaMwari, hunouya nekupodza kwaMwari.

<sup>107</sup> Ndinoudzwa muBhaibheri kuti kuchave nenguva ichauya, kune avo vasiri muChiedza chinoshamisa cheMwanakomana ichi, kuti shiri dzedenga dzichadya nyama yavo; kuti hosha dziri munzira kuuya, idzo vanachiremba havasi kuzombokwanisa kumisa. Matenda aMwari.

<sup>108</sup> Vanachiremba vemuEgipita, vaive vakangwara kupfuura vedu vanhasi, vakatadza kumisa matenda aMwari, kunyange kana vauki vavo kana vezvokutevedzera vavo. Zvakatora Gosheni, pamwe nesimba raMwari, kubata vanhu vaKe; pasi peropa regwayana!

<sup>109</sup> Mweya Mutsvene ndiwo Mukova wacho nhasi. Mweya Mutsvene ndiwo chengetedzo yacho nhasi.

<sup>110</sup> Ndaive mumusangano nguva shomana yapfuura. Ndakatarisa paha—hama yechitema yakagara pano, ndinofungidzira kuti, iye nemudzimai wake. Zvino ndange ndakamutarisa kubvira ndanga ndichiparidza, achigutsurira musoro wake, uye achifara mumusangano. Zvabva zvandiunza kune imwe—imwe pfungwa.

<sup>111</sup> Pane mumwe mukomana akauya mumusangano, imwe nguva. Pakangopera shumiro, akamhanyira kwandiri, zvino ndokuti, “Mufundisi!” Aive weZasi. Zvino akati, “Mufundisi, ini ndinoda kuwana Ishe Jesu, manheru anhasi.” Ndaive ndiine shumiro yekunamatira vanorwara.

<sup>112</sup> Zvino ndikati, “Zvirokwazvo, hama yangu, ndinofara zvikuru kukutungamirira kwaAri.”

<sup>113</sup> Akati, mushure mokupa moyo wake kunaShe, akati, “Handizive, ndinofungidzira kuti muri kufunganya kuti sei ndamhanya ndichiuya, kuno uku seizvi.” Akati, “Ndakanzwa



kuti muri muguta, zvino ndangouya kuzoona, kuzokuonai.” Akati, “Ndichakuudzai nyaya yangu.” Akati, “Ini ndainge, ndakangoda kuita sokunge, munhu anongombeya.” Akati, “Amai vangu vakura vaive Mukristu wemazvirokwazvo. Hanzvadzi dzangu dzaive Makristu. Ndine mukoma mumwe chete Mukristu.” Akati, “Ini ndaive, mucheche wemhuri, uye mwana akatunhidzwa, kutanga kwacho, nekuti vaindiita mucheche, zvainge zvakanadinakira chaizvo.” Asi akati, “Handaiteerera amai vangu kana hama dzangu dzainamata. Ndaida kuve munhu anongombeya. Ndaida kurarama ‘hupenyu hwemunhurume.’” Akati, “Ndaifunga kuti kuve Mukristu zvairatidzika kuve zvevanhukadzi, kana zvevane hutera.” Akati, “Zvino ndakazova mubiki, uye basa rangu iri ndairigona kwazvo.”

114 Uye akati, “Chimwe chinhu, zvakare, ndaida kuenda kunyika dzeKumusoro. Rimwe zuva ndakayerekana ndasvika nepanzvimbo paigaiwa miti, pavaitema miti yaizogaiwa. Uye ndakanga ndisisina mari. Zvino ndikati kuna foromani, ‘Mungada mubiki here?’” Akamuudza zvaimutsigira maererano nebasa, zvaave nazvo muhomwe make, kubva kunzvimbo huru dzakasiyana-siyana uko kwaakambove mubiki.

115 Zvino iye akati, “Zvakanaka, tinaye mumwe pari zvino.” Akati, “Asi, zvisinei, kusvika wawana zvimwe zvingakuraramisa, tinogona kukupa kamari kashoma parutivi. Tine mudzimai wechikuru wechitema umo pari zvino, anova iye mubiki akanaka. Asi endamo, unotaura naye, pamwe angagona kukusevenzesa. Uye kana achikwanisa, tingagona kukupa kamari kekushandisa kusvika wave kugona kuzvimiririra.”

116 Akati izvi zvakanga zakanaka sezvaaidawo iye. Akati akaenda imomo, ndokubva anosangana nemudzimai uya wechikuru, uye ndokuti akamubetsera kwemazuva anenge maviri kana matatu.

117 Zvino umwe usiku, akati anga akazvambarara ipapo, ndokuti iye “Akaramba achichicherechedza kupenya-penya kwaiitika padivi remadziro.” Zvino kwapera chinguva, akafunganya, “Kuti, asi panze pane munhu?” Uye akati, kwapera chinguva iye “ndokunzwa ku—kudzvova kwakadzika, zvino kwaive kutinhira.” Zvino akati, panze iye “ndokunzwa manzwi aitura, zvino vakati, ‘Unoziva, zviru nani tidzokere kumabhiza, tobva taachengeta, nekuti tinogona kusava pano kwenguva refu.’” Ndokuti akabvisa chaanga akafuga mumusoro wake, zvino ndokuteerera kumadziro. Mheni yakapenya, iye ndokuona mukuru wake wepabasa nevamwe vaaisevenza navo. Zvino akabva anzwisisa, nekutaurirana kwavo, kuti kwaive nedutu rainge riri kuuya nemumakomo.

118 Isu ratinodaidza, kunyika dzekumusoro, kuti “rechamhembe,” rinouya nekukurumidza, pasina kana yambiro.

Hauna kana nguva yekuita chinhu. Makomo acho akanyanya kurebesa zvekuti, anongopoya naipapo, kamwe-kamwe.

<sup>119</sup> Zvino kupenya-penya kuya yainge iri mheni. Zvino iye akati, “Munoziva, tinogona kusave pano mushure mechinguva.” Akati, “Zviri kuratidza kuti kuri kuuya chamupupuri chakaipa.”

<sup>120</sup> Zvino ndokubva ati, “Ndakatanga kufunga, ‘Saka, deno rikasarova kuno,’ ndokuti, ‘nekuti ndinoziva kuti handisati ndagadzirira kuti ndiyende.’” Dzimwe nguva unomirira kwenguva yakarebesa, munoziva.

<sup>121</sup> Saka ipapo akati, “Munguva shoma-shoma, mhengo yakatanga kuvhuvhuta, uye miti ikatanga kuzunguzika.” Zvino ndokuti akateerera. Mucheka wetende waive pakati pake nekwaive kuchirara mudzimai wechi-chikuru uya, ndokubva ati, “Mudzimai airova-rova mucheka uya. Akati, ‘Mwanangu? O, mwanangu?’”

Iye ndokuti, “Mhaa?”

<sup>122</sup> Mudzimai uya akati, “Unokwanisa kuuya kuno kudivi randiri here? Ndine rambi rakabatira.” Zvino akati, “Ndakaenda uko kwaave, nekuti ndaitya, kunge ndichafa.” Zvino ndokuti, “Mudzimai aive nerambi rakagadzikwa pabhokisi resipo rakasakara. Zvino mudzimai akati, ‘Ndinoda kukubvunza chimwe chinhu.’”

Ndikati, “Hongu, amai.”

Akati, “Iwe wakagadzirira here kusangana naIshe?”

Akati, “Ipapo ndakabva ndapindwa nekutya chaizvo. Ndikati, ‘Kwete, amai, handisati.’”

<sup>123</sup> “Zvakanaka,” akati, “mudikani, ndinoda kuti undiudze chimwe chinhu. Zviri nani ugadzirire izvozvi, nekuti unogona kusangana naYe, usina kugadzirira, mumanitsi mashoma ari kuuya.” Akati, mudzimai akati, “Ungapfugamawo here neni pano?”

<sup>124</sup> Akati, “Takapfugama pasi padivi rebhokisi riye tsaru resipo.” Akati, “Mufudzi, ndiri kuzokuudzai chokwadi, ndaitya zvakananyanya zvekutadza kunamata.” Akati, “Miti yairovera paimba iyoyo, uye mheni ichipenya, kutinhira kuchizunguza. Ndakatyva zvokusvika pakutadza kunamata.” Akati, “Ndakatanga kuti, ‘Ishe, ivai netsitsi,’ zvino mheni yaibva yaroa kuti *bhen’i*. Ndikati, ‘Ndanga ndiri papi? Ishe, ivai netsitsi,’ *bhen’i* mheni jobva yaroa.”

<sup>125</sup> Akati, “Asi ndakadzidza chidzidzo.” Akati, “Mudzimai uya wechikuru ane hutsvene ainge akagara akadzikama uye achifara sezvaagona kuve.” Ndokuti, “Mudzimai akataura kuna Mwari sokunge akange aMuziva kubva achiri mucheche, kuita kunge Aive baba vake kana amai vake.” Akati, “Akanga asingatombonetseki hake.”

<sup>126</sup> Akati, “Ndaive ndotya kunge ndichafa.” Ndokuti, “Pakupedzisira ndakabuditsa mashoko aya, ndokubva ndati, ‘Ishe, kana Mukanditendera kuti ndirarame, zvino ndichazotsvaka nzvimbo yakanyanya kunyarara, ndichauya kwaMuri.’”

<sup>127</sup> Akawana mumwe mukana, asi iwe unogona kutadza. Kana kutonga kwaMwari kotanga kudururwa, panenge pasisina mukana. Une mukana wako nguva ino. Uno ndiwo mukana wako.

<sup>128</sup> Dutu rakanga rave paari! Akati, “Mufudzi, zvinokwanisika here kuti murume akaita seni ahwandiswe muchengetedzo iyi; kuti kana rufu rwave kutanga kuuya pandiri, kuti ndinogona kupinda kuti ndonotaura naYe, sezvakaaita mutana mutsvene uya?”

<sup>129</sup> Ndikati, “Mwanakomana, Ropa raJesu Kristu, rakaita kuti mudzimai iyeye ave akadaro, rinogona kukuitawo kuti unge wakadaro iko zvino.”

<sup>130</sup> Ndaive ndakamira pamotokari yangu. Aive mukomana akanga akapfeka zvakanaka, ane tsika dzakanaka, akadzidza. Akawira pamabvi ake, muruvanze rwaive nemadhaka; zvino ipapo akawana Nzvimbo iya yekuhwanda, nzvimbo yeHutiziro panguva dzedutu, Dombo riya munyika yakawoma.

<sup>131</sup> Haufanirwi kuneta chero bedzi uchingori muDombo. Dombo ndiro nzvimbo yega isina kuneta. Dombo ndiro nzvimbo inogutsa. Unogona kungogara wobva watarisa kunze, wakachengetedzeka sezvaungakwanisa kuva.

<sup>132</sup> Pane nguva iri kuuya, nazvino yatovepo, (kusimbiswa kwave kupera), kuti apo murume nemukadzi wese ari pachiso chenyika anozove panzvimbo iyi yeHutiziro, sezvazvakanga zvakaaita mumazuva aNowa, kana kuva kunze kwaHwo. Unofanirwa kuti utore sarudzo yako. Chengetedzo iyi ndiJesu Kristu. Kuti, ndiYe Nzvimbo bedzi, iYe oga ane Hupenyu Husingaperi. Hapana munhu ungauya kuna Baba, asi nekwaAri. Ndiye Areka yechengetedzo yedu. Mweya Mutsvene unopupurirana nesu zvino, kuti takabva murufu tikaenda muHupenyu.

<sup>133</sup> Uye paya patinotarisa guva, tobva taziva kuti mumwe nemumwe wedu ari kuenda imomo!

<sup>134</sup> Tinoona mapepanhau, nedutu riri kuuya! Kana maenda kumba manheru anhasi, ndiitireiwo chinhu ichi, musandorara musati maverenga Zvakazarurwa, chitsauko 8. Munoono matenda ari kuuya pamwe nedutu zvicharova nyika, nekutinhiro namheni zvichazunguza denga. Nhamo dzichapfuura nepanyika. Vanhu vachaora munyama yavo. Hosha dzicharova, vanachiremba vasina chavanoziva nezvadzo.

<sup>135</sup> Asi rangarirai, zvisati zvaitika izvi, paive nekusimbiswa kwaitika! Uye vatumwa verufu nematenda ndokutumwa

naMwari, “Musauya pedyo neavo vane Chisimbiso pahuma pavo!” Zvino Chisimbiso chaMwari rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. VaEfeso 4:30 inoti, “Usachemedza Mweya Mutsvene waMwari, uyo wawakasimbiswa nawo kusvika pazuva rako rerudzikinuro.” Hazvina basa kuti areka yazunguzwa zvakawoma sei, hazvina basa kuti nemheni yarova kakawanda sei pedyo nayo, “Zviuru gumi zvichawira kurudyi kwako, nezviuru kuruboshwe kwako, asi hachingasviki pedyo newe.” Mweya Mutsvene!

<sup>136</sup> Ndakaverenga pamusoro peuyo, “Mutasvi webhiza pfumbu achibuda, anodaidzwa kuti ‘Rufu,’ uye Gehena raimutevera.”

“Mutasvi webhiza dema aive nechikero muruwoko rwake.”

<sup>137</sup> “Chiero chegorosi chichitengwa nekobiri, uye zviyero zviviri zvebhari nekobiri, asi usauya pedyo neWaini yaNgu kana Mafuta aNgu!”

<sup>138</sup> Ndinonzwa, neBhaibheri, kutonga kwaMwari kuri kuuya, apo zvirwere, nematambudziko, uye nenjodzi zvicharova ndudzi, uye nyika yega-yega ichaparara kuva zvimedu. Ndinoverenga mu Bhai . . . [Chibenga patepi—Mupepeti.]

<sup>139</sup> Zvinhu zvese zvakanga zvakanyarara. Asi Ishe Jesu vakafunura rima kubva mumaziso ake, akabva agumbatira meya weguta, achishevedzera, “Ndave kuona! Ndave kuona!” Apo zviuru zvainge zvakamira ipapo, vanaMahomedhi, nevamwe vakadaro.

<sup>140</sup> Ndakati, “Zvino Areka yechengetedzo ndeipiko?” Ndikati, “Ndakaverenga mubepa renyu, rimwe zuva, apo shiri dzese diki dzaigara mumatombo emuruzhowa, nemunharire hombe dzedzimba dziri pakona.”

<sup>141</sup> Munoziva, India inyika yakaromboka zvino vanonhonga matombo mumunda, zvino voagadzirisira ruzhowa rwavo. Zvino tushiri tuduku tunovaka matendere atwo mumatombo aya, muhwangwadza, nemumaburi. Dzinopinda imomo dzobva dzavaka matendere adzo, kuti dzihwande mvura inonaya. Zvino mombe, zvose, masikati, apo zuva rinocheka nyika richienda Kumadokero, saka, mombe dzinomira mumumvuri ye—yeruzhowa urwu pamwe nenharire hombe, kuti dziwane mumvuri.

<sup>142</sup> Asi, kwemazuva anenge maviri, chinhu chinonyanyisa kushamisa chakaitika. Tushiri twese twakatora vana vatwo, tumanyana twadzo tuduku, pamwe chete, ndokubva twabhururuka kubva pamidhuri iyi, uye hatwuna kana kudzoka manheru. Twakaenda pakati pemunda, ndokugara pasi, mombe hadzina kuuya masikati acho. Dzakaragira kure nemidhuri. Zvino ndokuuya pamwe chete, dzikamira dziri pedyo nepedyo zvekuti dzakapanana mumvuri.

<sup>143</sup> Hama, hanzvadzi, izvi ndizvo zvinofanira kuitwa neKereke! Hatidi mumvuri wemaBhabhironi aya marefu nhasi, echimanjemanje. Tinoda maropafadzo anobva kune mumwe nemumwe wedu, pamwe chete, chapupu chedu, uye rudo nehukama hwedu zveChikristu zvakaparadzirwa mumoyo medu neMweya Mutsvene. Zvinopa mumvuri; pandinogona kutora hama yangu neruwoko, hanzvadzi yangu neruwoko, tobva taziva kuti tiri vagari vemuHumambo hwaMwari; kuti tinodanana, uye timire pamwe chete muChikonzero chikuru chimwe chete ichi, Chikonzero chaKristu. Kunyange uri muMethodisti, Baptisti, Presbyterian, Oneness, Twoness, Threeness, chero zvauri, hazvina musiyano, chero bedzi Ropa raJesu Kristu richtigeza kubva kuzvivi zvose uye tine kuyanana mumwe nemumwe. Ndizvo zvatinoda, hukama, kuyanana!

<sup>144</sup> Dzakamira muminda. Dzakaramba kumira mumimvuri yemadziro. Vanhu vakafunga kuti aya aiva manenji. Chiitiko chisinganzwisike. Chii chakaitika? Kamwe-kamwe, kwakauya kudengenyeka kwenyika kwakazunzira midhuri pasi. Dai tushiri twuya twaivemo, itwo nevana vatwo twungadai twakaita semukadzi, nemurume wake pamwe nevacheche vake, vekuMiami kana Okeechobee, dzingadai dzakafa nokuda kwekudonha kwemidhuri. Dai mombe dzakamira dzichiwana tsigiro kubva kumidhuri, dzingadai dzakaparara pamwe nemidhuri. Pave nemakore matatu apfuura. Ndine kabande kebepanhau racho; kwete, Tommy Nickel anako zvino kuitira veChristian Men's Voice. Musoro wenhau mubepa unoti, "Shiri dzave kudzokera kunzvimbo dzadzo. Mombe dzave kubva muminda."

<sup>145</sup> Kana Mwari, mumazuva aMosesi...mazuva aNowa, vaikwanisa kuyambira mombe neshiri, kuti dziuye kunzvimbo yechengetedzo, muareka, kuparadzwa kwaiva kuri kuuya, dutu. Achiri Mwari mumwe chete manheru ano, Achiri kuda mombe neshiri. Zvino kana Akagadzira nzira yeshiri nemombe kuti zvipunyuke kubva pahasha dzekutongwa, zvakatowedzera zvakadini kuti Akagadzira nzira yekupunyuka nayo yako neyangu, isu tiri zvizarwa zvekusika kwaKe! Zvakawedzera zvakadii kuti Akatigadzirira nzira yokupunyuka nayo! Uye tinonzwa kakudhonza keMweya Mutsvene mumoyo medu. Nguva iri kuuya. Tinoona mimvuri ye—yezera reatomiki, tinoona mimvuri yezera rehydrogen, tinoona ndudzi dzichipamuka, Israeri ichipepuka.

Ndudzi dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo izvo zvakafanotaurwa  
nevaporofita;  
Mazuva eMarudzi ave kupera, azere nekutyisa;  
Dzokai, O imi makapararira, kune vekwenyu.

Ndiyo nzira yacho nhasi uno! Mose munoziva rwiyo rwakare rwaHaywood.

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,  
 Moyo yevanhu iri kukundika nokutya;  
 Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu  
 akagadzirwa uye akajeka,  
 Tarisai mudenga! Rudzikinuro rwenyu rwave  
 pedyo.

146 Madutu ari kuuya. Pane Nzvimbo yekuhwanda, o, Nzvimbo yekuhwanda yakaropafadzwa! Iri muna Kristu.

147 Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana. Ndinoda mufungisise makaperera uye mukurevesa, panguva iri kutevera.

148 Wati wambowana here Nzvimbo iyi yekuhwanda yakaropafadzwa, kubva kuhasha? Rangarirai, hakuna nzvimbo mbiri dzekuhwanda, kunongori neImwe chete. Unogona kuve nhengo yakanaka yeimwe chechi, izvo zvandisina chakaipa chandingataura pamusoro pazvo. Asi kana zviri izvo zvese zvauinazvo, uye hupenyu hwako husingaenzaniswe neBhuku reMabasa, kana Mweya Mutsvene waunozviti unawo usingakuite kuti urarame sezvavakaita muBhuku reMabasa, uye hupenyu hwako hwokwanisa kunonyora rimwe bhuku, zviri nani utore yambiro. Kana muzambiringa wekutanga wakaunza Kereke yechipentekosti; muzambiringa wechipiri, kana davi, waro, rinobva muMuzambiringa, rinounza imwe Kereke zvakare yechipentekosti, ine chiitiko chepentekosti, ichibereka zvibereko zvimwe chete zvaive neKereke yekutanga. Uri kugara here muHupo hwaIshe hwakaropafadzwa, hunoyera? Wapfuura kubva murufu uchienda muHupenyu here? Wakazorora here pane mamwe manyawi, kana kuita kwekubata pfungwa, kana chimwe chitaurwa chenjere? Kana kuti, unogara here uri muHupo hwaKe nguva dzose, uine zvibereko zveMweya muhupenyu hwako; moyo murefu, hunaku, hunyoro, kunyorova? Unokwanisa kutsungirira here kana mumwe munhu ataura pamusoro pako, uye, womuda zvakanyanya kwazvo, kusvika mumoyo mako unomunamatira? Kana kuti, kamunamato kadiki kehundini, “O Ishe, ndinoziva kuti ndinofanira kumunamatira, asi...” O, kwete, hama. Ko kutapira kuya pamwe nerudo rwaMwari, “O, fambai nepamoyo wangu! O Mweya Mutsvene, fambai nepamoyo wangu?” Kana usati wawana nzvimbo iyi yechengetedzo, hama yangu!

149 Ndichashanyira Phoenix kekupedzisira, rimwe ramazuva. Uku kunogona kuve kuri iko, pamazivire angu. Uye nguva yekupedzisira pachaparidzwa Evhangeri papurupiti ino, inogona kuve iri ino, handizive. Tiri kuratidzika kuve pedyo kwazo kunguva yekupedzisira. Israeri yadzoka kumusha kwayo, chiratidzo chekupedzisira chakapiwa.

150 Ndaive ndakatarisa mufananidzo umwe usiku, apo waitakura vatana vavo, zvirema, kubva mungarava uye nezvinhu, vachidzoka. Vaiti, “Madzoka here kumusha kwenyu, kuzofa?”

Vakati, “Kwete, tadzoka kuzoona Mhesiya.”

<sup>151</sup> Musazvidya moyo, muwonde uri kubukira, ndicho chiratidzo chekupedzisira. Mureza, mureza une zera guru kudarika yese pamakore pasi rose, wave kupepereka uri pamusoro peJerusarema. Yave rudzi pachezvayo, ine mauto ayo. Yanga yakapofomadzwa kwechingvana, asi yave kudzoka pamwe chete zvakare. Mwari vakazvivimbisa. Kuguma kweMarudzi kunenge kwasvika ipapo. Vari kutarisira Mhesiya.

Munoziva, Mwari vakabvunzwa pane imwe nguva, “Munokwanisa kukanganwa Israeri here?”

<sup>152</sup> Vakati, “Matenga akakwirira mudenga zvakadini? Nyika yakadzika pasi zvakadini? Iyerei!”

Muporofita akati, “Handikwanisi.”

<sup>153</sup> Mwari vakati, “Kana iNi handingagoni kukanganwa Israeri. Imboni yeziso raNgu.”

<sup>154</sup> Hecho chiratidzo chekupedzisira. Jesu akati, “Mukaona muwonde wobukira, zivai kuti nguva yave pedyo, kunyange pamukova chaipo.” Israeri yave kutanga kudzoreredzwa. Yave nemari yavo, anenge mavhiki mana apfuura. Yave nemari yayo, zvose. Yave rudzi rwakakwana.

Takamirira chii? Kuvharwa kweMarudzi.

<sup>155</sup> Zvino chiratidzo chekupedzisira chakaporofitwa kuti chichapiwa kune Dzindudzi, charatidzwa munyika nekupoterera pasi pose, sezvavakaita mumazuva eSodhoma.

<sup>156</sup> Paya paAkati, “Aripi Sara, mudzimai wako?” Mweni, ko iYe akaziva sei kuti aive Sara? Uye akaziva sei kuti zita rake raive Sara, uye ari mudzimai waAbrahama?

Akati, “Ari mutende yamakafuratira.”

<sup>157</sup> Sara akaseka mumoyo make, seri mutende. Uya Murume akati, “Ko Sara asekei?”

<sup>158</sup> Jesu akati, “Kana izvi zvazadziswa, nguva yave pedyo.” Takatozviona! Zvapfuura. Chave kutevera kutongwa.

<sup>159</sup> Uri muNzvimbo iyi yekuhwanda yakaropafadzwa here, shamwari? Mwari vave nengoni! Kana usiri, uye uchida kurangarirwa manheru ano mumunamato, ungasimudza here ruwoko rwako, woti, “Hama Branham, ndinamatireiwo.” Pese-pese muimba ino, simudzai...Mwari vakuropafadze iwe, newe, iwe, iwe. Zvakanaka izvi. Mwari vakuropafadzei. Zvaka...Mwari vakuropafadzei. Mumwewo zvakare anoti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham”? Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei kumashure uko. Mwari vakuropafadze kumashure-shure uko, mudzimai wechidiki. Mudzimai uyo ari pano, Mwari vakuropafadzei. Hongu. Ishe vakuropafadzei, changamire;

newewo, zvakare. O, zvakanaka. Mumwe zvakare, ingosimudza ruwoko rwako.

Unoti, “Hama Branham, zvinorevei izvozvo?”

<sup>160</sup> Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei kumashure uko, changamire. Mwari vakuropafadze mudzimai, iwe uri pano. Zvakanakisa kwazvo.

<sup>161</sup> “Zvinorevei, Hama Branham, kana ndikasimudza mawoko angu?”

<sup>162</sup> Munoziva here, kuti maringe nesainzi, haugone kusimudza mawoko ako? Dai wainge usina hupenyu mauri, hawaigona kuzviita. Sainzi haizivi kuti hupenyu chii. Vanoziva kuti hupenyu, asi havazivi kuti hunombori chii. Havagone kuhugadzira. Uye kuti chii? Sainzi inoti, mawoko ako, simba rinodhonzera pasi kunyika ndiro rinoisa mawoko ako pasi, semabatiro arinoita makumbo ako ari pasi.

<sup>163</sup> Asi une mweya uri mauri. Uye, mweya uyu, pane Chimwe chinhu change chiri pedyo newe. Jesu akati, “Hakuna munhu angauya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, kutanga, uye vose Baba vavakaNdipa vachauya kwaNdiri.” Hausi kufara here manheru ano kuziva kuti Mwari vanogona kushanda nemoyo wako, kuti kune Inzwi duku ipapo, riri kuti, “Uya kune chengetedzo?” Zvino tarisai, “Uyo anouya kwaNdiri, handingazomurasire kunze.”

<sup>164</sup> Chii chaifanirwa kuitika? Waifanirwa kuve neChimwe chinhu chigere newe, chakakuudza, “Uri mune zvakaipa.” O, unogona kunge uri nhengo yekereke. Asi, “Uri mune zvakaipa,” hausati wagamuchira Mweya Mutsvene, pari zvino. Hausi muAreka.

<sup>165</sup> Tinopinda sei muAreka? Kwete kufamba uchipinda maIri. Ko tinopinda seiko maIri? “NeMweya mumwe chete tese takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete.” Vatendi vose vanobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete uyu. Sei? NeMweya Mutsvene. “Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Hapoka patiri, muMutumbi, takachengetedzwa.

<sup>166</sup> Kana usiri, usaregedza Satani achikuzvidza zvakanakwana, manheru ano, kukudzivisa kuti usasimudza ruwoko rwako. Zvakanaka, zvinozodini izvozvo? Zvinoputsa mutemo wese wesainzi, pawasimudza ruwoko rwako. Zvaratidza kuti chimwe chinhu mauri chatora sarudzo. Chimwe chinhu chikuru kudarika sainzi, chimwe chinhu chakunda mitemo yesainzi, ndokuti, “Pane mweya uri mandiri, unoti, ‘Ndiri mune zvakaipa.’ Uye pane Mumwe agere pedyo neni, zvino ati, ‘Ndigamuchire.’ Ndasimudza ruwoko rwangu rwakananga kwabva neInzwi, Kudenga. Ivaiwo netsitsi kwandiri, O Mwari. NdinoKudai. Ndinoda Mweya Mutsvene. Ndinoda kuve ndakachengetedzwa. Ndinoda kuti zvivi zvangu zvive pasi peRopa. Uye ndinoda kusimbiswa muMuviri waKristu, kuti ndinzwe zvakanaka,



kuti ndizogona kudakadzwa nemirazvo yekuporesa, kuti ndigodakadzwa nemirazvo yekupodza kwaMwari mumunhu wangu wemukati, kupodzwa panyama mumutumbi wangu, kufamba neGwayana zuva nezuva, ndakachengetedzwa. Zvisinei nekuti bepa rinotaurei, mapepanhau; ndanzwa kubva pane Bepa guru, rinonzi Bhaibheri. Ndaenda kune chengetedzo. Zvisinei nezvinotora nzvimbo, ndichakachengetedzwa. ‘Nekuti avo,’ kana rufu rwukanditora, ‘avo vari muna Kristu, Mwari vachavaunza pamwe naVo, paKuuya kwaVo.’ Ndichakachengetedzwa. Rufu harugone kunditambudza.”

<sup>167</sup> Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei. Mumwe munhuzve tisati tanamata, “Ndinoda Nzvimbo iyi yekugara yakachengetedzwa, Hama Branham”? Pachine mumwe asati asimudza ruwoko rwake here? Mwari akuropafadze, mudzimai. Zvakanaka izvi. Mwari vakuropafadzei kumashure-shure uko. Zvakanakisa kwazvo.

<sup>168</sup> Zvino, Mwari mumwe chete akupa kunzwisisa kuti uri kukanganisa, aripo kuti agadzirisane newe.

<sup>169</sup> Ngatikotamisei misoro yedu iye zvino, tirambe takadaro, uye tinamate. Chingotaura naYe iko zvino, nenzira yako. Kana ukangokwanisa kuita zvisingadariki izvo zvakaitwa nemuteresi uya akazvirova pachipfuva, ndokuti, “Mwari, ndinzwireiwo tsitsi, ini mutadzi.” Ndizvo zvega zvaafanira kutaura; Mwari vaiziva zvimwe zvese. Zvino akaenda kumba, aruramiswa. Endaiwo saizvozvo, manheru ano, makachengetedzwa kubva kudutu.

<sup>170</sup> Baba vedu voKudenga, mashoko mashoma aya akakanyana uye akangopatsanuka, sekungosundwa kwandaita kuataura, atoenda. Uye ndinonamata kuti, neimwe nzira, semukomana muduku uya aidzokorora arifabheti, akati ndicho chinhu chega chaaiziva kuita, “Maiziva mashoko ose, uye Maikwanisa kubatanidza mavara aya pamwe chete.” Makaona hunyoro hwemoyo wake. Mwari, tarisai pasi kumoyo wangu unonzwisa urombo, manheru ano, uye muone hunyoro hwemoyo wangu. Uye Mharidzo yanga ichirevera, Ishe, murudo nemukutapira, kuitira vanhu, kuti vawane Zororo iri raMakandipa ini nezviuru zvevamwe, kuti vangazive Jesu, Muponesi ega wemweya yavo, kuti Akwanise kuvatungamirira kuna Baba vedu, Mwari, zvino ipapo vobva vachengetedzwa vari muChipfuva chaKe, kubudikidza nedivi raKe rakachekwa, uye vobva vaMugamuchira, vobva vasunungurwa kubva mukutongwa.

<sup>171</sup> Zvino vazhinji manheru ano, Ishe, hongu, vazhinji vasimudza mawoko avo. Chii chimwezve chandingaita, Ishe, asi kuvaudza kuti “vatende”? Uye kana vakatenda, vobva vaperera pazviri, hazvizogoneki kuti vasava neHupenyu Husingaperi panguva ino. Nekuti, Makati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu.” Aive eNyu; haana kuiswa zvakanaka pamwe

chete, zvichida, asi iMi munogona kuaisa pamwe chete. Uye pamwe Mazviita, kune avo vasimudza mawoko avo, nekuti Makati, “Hakuna munhu anouya kunze kwekunge iNi ndamudhonza. Uye avo vese vanouya, handimudzingire kunze, asi ndinomupa Hupenyu Husingaperi, uye nekumumutsa nezuva rekupedzisira.” Tinoziva, Ishe Mwari, kuti ndiMi! Vasimudza mawoko avo, vari kuKudai. Zvino, Baba, zadzai moyo yavo, zadzai moyo yavo nehunaku netsitsi, neMweya Mutsvene. Dai uno hwave usiku hwavasingazokanganwe, nekuti ndihwo usiku uhwo hwavagamuchira Jesu Kristu saMuponesi wavo, uye vakazadzwa neMweya Mutsvene.

<sup>172</sup> Takakotamisa misoro yedu. Kana uchitenda kuti Mwari vanonzwa munamato wangu, uye unoda kuti ini nditurike ruwoko rwangu pamusoro pako uye ndonamata newe, kana ukango. . . Apo munhu wese akakotamisa musoro wake, uye kuchiridzwa zvinyoro-nyoro, kana muchikwanisa. Ndingada kuti vazhinji vanokwanisa, vauye kuno, vanoda kugamuchira Mharidzo huru iyi yeruponeso, Mweya Mutsvene. Uye woti, “Hama Branham, ndinoda kuuya kumberi iko zvino, kuti ndireurure kuti ndanga ndichikanganisa. Asi ndinoda Mweya Mutsvene kuti undiregerere, uye uve unotapira kwandiri iko zvino, wondipa rugare apo panguva yokuzunguzwa.”

<sup>173</sup> Munoziva, chese chinozunguzika, chichazunguzwa zvino. “Asi tinogamuchira Humambo husingabviswe!” NdiKristu.

<sup>174</sup> Unokwanisa here kuuya wobva wamira pano paartari, neni, wondirega ndobata ruwoko rwako ndobva ndanamata newe? Kana uchikwanisa, simuka ubve wauya iko zvino, apo tichiimba zvinyoro-nyoro zvino. Imi vasimudza mawoko enyu, uyai kuno iko zvino mubve mamira paartari, kwechinguvana, kana muchishuva, apo tichiimba ndima iyi iko zvino. “Kuuya Kumusha.” [Ungano inoenderera mberi ichiimba *Ishe, Ndave Kuuya Kumusha*—Mupepeti.]

<sup>175</sup> Ko kana iyi iri iyo nguva yekupedzisira yaunganzwa iZvi? Funga nezvazvo! Ko kana iri iyo nguva yekupedzisira? Ko kana sairini ikarira muchinguva chinotevera, kunze uko mumugwagwa, ari iwe, vari kuuya kuzotora mutumbi wako? Ko kana, munguva dzinenge two o'clock mangwanani, wofonera chiremba, kuri kukundika kwemoyo? Uri wega. Ko iZvi hazvingarire here? Uya zvino kune chengetedzo, haungauyi here, nekuti uchafanira kumira pamazuva ekupedzisira.

Ndave kuuya kumusha.

Kuuya kumusha, kuuya kumusha.

<sup>176</sup> Mwari vakuropafadzei, Hanzvadzi. . .? . . . [Hama Branham vanonamata nevanhu vari paartari. Ungano inoenderera mberi ichiimba *Ishe, Ndave Kuuya Kumusha*—Mupepeti.]

O, Kusa. . .

177 Haungasimuke here, wobva wauya pano pamwe nevamwe ava vakamira vakapoteredza paartari pano? Uya. Kutongwa kwave kusvika zvino. Haungauyi here? Uya zvino, reurura zvivi zvako iko zvino, hauzopindi mukutongwa. Mwari varopafadze murume nemudzimai wake ava vachangouya. Mwari vakuropafadzei, changamire. Zvakanaka. Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki. Uya zasi kuno chaiko. Uyai, changamire.

Ndatetereka kure . . .

Uyai, hama yangu yechiSpanish.

. . . kure kubva kuna Mwari,  
Zino ndiri kuuya . . .

178 Haungasimuke iko zvino here, wobva wauya zasi kuno? Ngatinamatei. Uya kuNzvimbo yechengetedzo.

. . . dzechivi ndafamba kwenguva yarebesa,  
O Ishe, ndave kuuya kumusha.

179 Ndingataure izvi, ogani ichienderera mberi ichirira. Mharidzo, manheru ano, iMharidzo yerudo, nyasha, neyambiro. Mangwana manheru, Mharidzo iyi inogona kuve munzeve dzako kune imwewo nzvimbo, Mharidzo yekukupomera nekukutonga. Apo Ichine tsitsi maRi, uya uIgamuchire. Hamungadaro here, shamwari? Ndinofanirwa kusangana nemi neiZvi, izvo zvandataura manheru ano, rimwe zuva. Haungauyi here? NgaItaure zvetsitsi, kwauri. Apo tichiimba kamwe chete zvakare, “Iye Zvino Ndave Kuuya Kumusha,” haungazviiti here izvi?

180 Ingorambai muri ipo pano, hanzvadzi, inodikanwa. Imi mose rambai muri pano kana muchida, kwechinguvana. Tinoda kunamata neva vese vari paartari. Ingovaregai varambe vari pavari. Kamwe chete zvakare zvino.

Ndatetereka kure . . .

Simuka, uya. Haungauye here? Ndinokukoka.

Zvino ndave kuuya kumusha;  
Nzira dzechivi ndafamba kwenguva yarebesa,  
Ishe, ndave kuuya kumusha.

181 Makristu, namatai zvino. “Kuuya kumusha.” Uya, hama yangu mutadzi; uya, hanzvadzi; makatengwa neRopa raKe, avo vakafirwa naKristu. Haungauye here iko zvino? Rega ndikunyengetedze, nguva ino huru, apo kutongwa kwakaremba pamusoro pemasuwo enyika, masuwo epasi rose. Haungauye here? Ndinokugombedzera, ndakamiririra Kristu, uya kuna Kristu uchiri kukwanisa! Ngadzive tsitsi, kwete kutongwa.

182 Zvino ngatichiimbei mahon’era. [Hama Branham vanotanga kuimba mahon’era *Ishe, Ndave Kuuya Kumusha*—Mupepeti.]

183 Kuti pachine vamwe here, kwechinguvana apo takamirira pano iko zvino? Vamwe vakasiyana-siyana vari kutora nzvimbo dzavo pane vamwe avo. Ino haisi nguva inotapira here? Handizive, ndinongogona kuva ndiri ini, asi ndiri kungonzwa zvakanaka kwazvo nguva ino. Izvi ndizvo zvandinoshuvira, izvi ndizvo zvandinoda.

184 Ndichiri muparidzi wechikomana, imwe hanzvadzi yemumwe mushumiri yakati kwandiri imwe nguva, aida kuenda neni kudhanzi. Ndikamuudza kuti ndaisaenda kumadhanzi. Akandikumbira kuti ndiende naye kune bhaisikopo. Ndaisazviita. Ndikati, “Handiende kumabhaisikopo.”

Musikana uya akati, “Saka unowanepi chero mafaro?” Ndikati, “Uya neni kumusangano.”

185 Manheru iwayo ndaive nemusangano wemutende. Ndaive ndingori mukomana, ndiine makore angaita makumi maviri nerimwe okuberekwa, murume wechidiki. Manheru iwayo, vazhinji vakauya kuartari. Ndakamuona akagara nechekumashure, achichema. Ndakamudeedza neruwoko, ndikati, “Wakandibvunza mubvunzo zuro manheru. Ndinogona kupindura manheru ano.”

Akati, “Chaive chii, Billy?”

186 Ndikati, “Uno ndiwo mufaro wangu mukurusa munguva yangu.” Kuona vatadzi vachiuya, ndicho Chimwe chinhu chinogutsa mumoyo mangu chinongotaura rugare. Ndouya kumusha!

Ndave kuuya kumusha, handichazo . . .

187 Ndinongofarira kutapira uku. Unonzwa sokungoti Mweya Mutsvene uri pano, uchifadzwa, “maita zvakanaka, maita zvakanaka.” Uku ndiko kugadzirira shumiro yekuporeswa, kuporeswa kwepamweya kutanga. Mutumbi waKristu uri kurwara, unoda kupodzwa, Mutumbi wepamweya.

Ndave kuuya kumusha.

Zvino kotamisai misoro yenyu. Munhu wese ngaanamate. Munhu wese ave mumunamato.

Kumusha, o, handichazotetereki zvachose.

188 [Hama Branham vanotaura nemumwe munhu maererano neavo vari paartari—Mupepeti.] Zvino, mochicherechedza nokuda kwehama iri pano. Unofanirwa kuve nechimwe chinhu mukati umu. Ndinoda kuti varambe vari pano kwemamwezve maminiti mashoma . . . ? . . . Rambai muri ipo pano, zvakanaka . . . ? . . . Mwari vakuropafadzei.



*DUTU RIRI KUUYA* SHO60-0229  
(The Oncoming Storm)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Muvhuro manheru, 29 Kukadzi, 1960, pa First Assembly Of God muPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)